

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**


Dina ieu bab dipedar ngeunaan, (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik analisis data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif-kualitatif. Ieu métode miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun hiji hal atawa kajadian nu aya di jaman kiwari. Pamarékan kualitatif nyaéta pamarekan panalungtikan anu téhnikna maké cara mikir induktif, pikeun nguji hipotésis anu geus dirumuskeun jadi jawaban sementara tina masalah anu ditalungtik (Ali, 1985, kc. 155). Ari métode déskriptif nyaéta métode nu nalungtik hiji kaayaan, kondisi, situasi, jsb., nu hasilna disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2010, kc. 3). Nu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta jenis kalimah salancar jembar, adegan kalimah salancar jembar, jeung wanda kalimah salancar jembar disawang tina harti atawa maksud anu dikandung ku kateranganana.

Hiji panalungtikan kudu dirarancang tur didesain. Desain panalungtikan nyaéta hiji rarancang atau rancangan anu dijieun ku panalungtik, salaku acuan kagiatan nu baris ditalungtik (Arikunto, 2010, kc. 90). Ku kituna, desain panalungtikan nyaéta bagan guluyurna tahap-tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah hiji panalungtikan.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Dumasar kana pamarekan jeung métode anu digunakeun, desain tina ieu panalungtikan nyoko kana sababaraha tahap nyaéta 1) nulis téks karangan pangalaman pribadi, 2) nangtukeun téks karangan pangalaman pribadi nu dijadikeun objék panalungtikan, 3) nyirian kalimah salancar jembar, 4) nyalin kalimah salancar jembar, 5) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data, jeung 6) nyieun kacindekan. Saperti nu digambarkeun dina bagan 3.1.



**Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**

### 3.2 Data jeung Sumber Data

#### 3.2.1 Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 16), data mangrupa hasil cutatan panalungtikan, boh fakta boh angka. Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah salancar jembar dina téks karangan pangalaman pribadi siswa nu disusun tina adegan sarta wanda kalimah salancar jembar. Data kalimah salancar jembar dicokot tina sumber data. Data séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku

sumber anu ngarojong jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya patali jeung adegan sarta wanda kalimah salancar jembar.

### 3.2.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data nyaéta subjék nu bisa dicangking ti mana meunangkeun éta data. Sumber data bisa dibédakeun jadi tilu rupa nyaéta 1) sumber data mangrupa jalma, 2) sumber data mangrupa simbol, jeung 3) sumber data nu mangrupa tempat. Sumber data nu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2019/2020. Jumlah kelas VII di SMP Negeri 12 Bandung aya 9 kelas, ti mimiti kelas VII-A nepi ka VII-I. Tina 9 kelas éta téh, ditangtukeun kelas VII-D salaku sampel. Jumlah siswa anu dijadikeun sumber data aya 33, lalaki 16 jeung awéwé 17. Unggal siswa nyieun téks karangan pangalaman pribadi.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés jeung kartu data *digital*.

#### 3.3.1 Lembaran Tés

Lembar tés mangrupa salasihiji alat atawa instrumen panalungtikan pikeun meunangkeun data anu diperlukeun. Lembar tés dipaké pikeun média nulis téks pangalaman pribadi. Lembar tés éta sorangan mangrupa kertas bergaris.

Lembaran tés dipaké pikeun ngumpulkeun data dina téks karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.

<p>Wasta :</p> <p>Kelas :</p> <p>Pituduh</p> <p>Jieun karangan pangalaman pribadi séwang-séwangan ngagunakeun basa Sunda!</p> <p>Témana bébas!</p> <p>-----</p>
---

-----
-----
-----
-----

### 3.3.2 Kartu Data *Digital*

Kartu data *digital* dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa adegan jeung wanda dina karangan pangalaman pribadi. Dina kartu data *digital* ngawengku nomer/kode data, kalimah, jenis kalimah salancar jembar, adegan kalimah salancar jembar, jeung wanda harti kalimah salancar jembar. Ieu di handap conto kartu data *digital*.

**Tabél 3.1**  
**Conto Kartu Data *Digital***

<b>No. Data</b>	<b>Data</b>	<b>ID</b>
(05)		(KKPS-03/K-08)

Keterangan:

KKPS-03 : Karangan Pangalaman Pribadi Siswa

K-08 : Kalimah kadalapan dina karangan

05 : Nomer Data

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik tés jeung téhnik dokuméntasi.

### 3.4.1 Téhnik Tés

Téhnik tés umumna ngukur kamampuh siswa sanggeus narima prosés diajar. Kagiatan tés mangrupa kagiatan pikeun ngukur kamampuh siswa salila diajar sacara individual dina élmu pangaweruh nu geus ditangtukeun para pendidikan (guru) (Sukardi, 2003, kc. 139). Téhnik tés nulis karangan pangalaman pribadi, siswa ditugaskeun pikeun nyieun hiji téks karangan pangalaman pribadi.

### 3.4.2 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik anu kalintang penting tina téhnik-téhnik sejénna. Téhnik dokumentasi nyaéta neangan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, lengger, agenda, jsb. (Arikunto, 2010, kc. 274). Dokumentasi sacara tinulis dimimitian ku catétan, hasil ngumpulkeun data jeung hasil nganalisis samentara. Dokuméntasi anu penting ogé nyaéta laporan tina hasil panalungtikan jeung publikasi (Sarosa, 2012, kc. 37).

Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa téks karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpukeun datana, nyaéta:

- 1) nangtukeun sumber data nu mangrupa siswa kelas VII-D SMP Negeri 12 Bandung.
- 2) unggal siswa dipaparin nyieun hiji téks karangan pangalaman pribadi.
- 3) nyirian kalimah salancar jembar nu ngawengku adegan, pola, sarta wanda anu aya dina téks karangan pangalaman pribadi.
- 4) nyalin kalimah salancar jembar anu aya dina téks karangan pangalaman pribadi nu geus dicirian kana kartu data; jeung
- 5) ngadaftarkeun kalimah salancar jembar kana kartu data.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*). Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis, anu udaganana

pikeun ngolah data anu patali jeung déksripsi adegan jeung wanda kalimah salancar jembar. Léngkah-léngkah dina analisis datana ngawengku lima hal:

- 1) mariksa sarta niténan data-data kalimah anu geus dikumpulkeun;
- 2) maca data jeung nyirian kalimah salancar jembar;
- 3) nyieun papasingan data dumasar kana jenis, adegan, jeung wanda kalimah salancar jembar;
- 4) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa;
- 5) nyieun kacindekan tina data anu geus dipaluruh.